


Prezidan Henry B. Eyring
Premye Konseye nan Premye Prezidans lan



Rekonpans Moun ki Andire Byen

Lè m te jèn, mwen te sèvi nan Legliz la kòm konseye yon prezidan distri ki te saj. Li te toujou ap eseye anseye m. Mwen sonje konsèy li te ban mwen yon lè: “Lè ou rankontre yon moun, trete l kòm si li te gen gwo pwoblèm, epi w ap gen rezon plis ke lamwatye fwa yo.” Lè sa a mwen te panse li te pesimis. Kounyeya, plis pase 50 apre, mwen kapab wè jan li te byen konprann mond lan ak lavi a.

Nou tout gen eprèw pou nou afwonte, pafwa eprèw sa yo trè difisil. Nou konnen Senyè a pèmèt nou pase eprèw pou nou kapab vin poli ak pafè pou nou kapab avèk Li pou tout tan.

Senyè a te anseye Pwofèt Joseph Smith nan Prizon Liberty ke rekonpans li poutèt li te andire eprèw li yo byen tap ede l kalifye pou lavi etènèl:

”Pitit gason m nan, lapè nan nanm ou; advèsite ou ak aflikasyon ou yo pral sèlman pou yon ti moman;

Epi apre sa, si ou te sipote byen, Bondye ap leve ou anlè; w ap triyonfe sou tout ènmi ou yo” (D&A 121:7–8).

Bann eksperyans difikilte ak eprèw nou yo fè li sanble li difisil pou moun andire byen. Sa kapab sanble l konsa pou yon fanmi ki depann de jaden lè lapli pa tonbe. Yo ka mande “pandan konbyen tan nou ap kapab andire si lapli pa tonbe?” Sa kapab sanble l konsa pou yon jèn ki ap reziste anba gwo inondasyon salte ak tantasyon. Sa kapab sanble l konsa pou yon jennonm ki ap lite pou l gen edikasyon oswa fòmasyon li bezwen pou yon travay

pou l okipe madanm li ak fanmi l. Sa kapab sanble l konsa pou yon moun ki pa kapab jwenn yon travay oswa ki pèdi chak travay li jwenn paske konpayi yo fèmen pòt yo. Sa kapab sanble l konsa pou moun ki gen pwoblèm sante oswa fòs fizik, sa ki kapab vini bonè oubyen ta nan lavi a pou yo oswa pou moun yo renmen.

Men yon Bondye ki renmen nou pa ban nou tès sa a senpleman pou l wè si nou kapab andire difikilte men pito pou l wè si nou kapab andire yo byen epi vin poli.

Premye Prezidans lan te anseye Èldè Parley P. Pratt (1807–57) lè li te fèk resevwa apèl kòm manm Kolèj Douz Apot yo: “Ou anwole nan yon travay ki mande tout atansyon w, . . . vin yon epe file. . . . Ou dwe andire anpil travay di, difikilte, ak anpil privasyon pou ou vin rafine pafètman. . . . Papa Selès ou a egzije sa; chan an se pou Li; travay la se pou Li; e Li ap . . . konsole w ak ankouraje w.”¹

Nan Liv Ebre a, Pòl pale de fwi andire byen pote: “Lè y ap pini nou, sa yon ti jan vle fè nou plis lapenn pase pou l ta fè nou kontan. Men pita, moun ki soti byen elve apre tout pinisyon sa yo, yo pral mennen yon lavi byen dwat ak kè poze.” (Ebre 12:11).

Eprèw nou yo ak difikilte nou yo ban nou opòtinite pou nou aprann ak grandi, e yo menm chanje nati nou. Si nou retounen al jwenn Sovè a nan moman eprèw difisil nou yo, nanm nou kapab poli pandan nou ap andire.

Se poutèt sa, premye bagay pou nou sonje se toujou priye (gade D&A 10:5; Alma 34:19–29).

Dezyèm bagay la se fè efò san rete pou nou respekte kòmandman yo—kèlkeswa opozisyon an, tantasyon an, oswa bri konfizyon ki genyen kote nou ye a. (gade Mozya 4:30).

Twazyèm bagay enpòtan pou nou fè se pou nou sèvi Senyè a (gade D&A 4:2; 20:31).

Nan sèvis Mèt la, nou rive konnen ak renmen L. Si nou pèsèvere nan lapriyè ak sèvis fidèl, nou ap kòmanse rekonèt men Sovè a ak enfluyans Sentespri a nan lavi nou. Anpil nan nou te bay kalite sèvis sa a e santi konpayi sa a pandan yon sèten tan. Si w reflechi sou tan sa a, ou ap sonje te gen chanjman nan ou. Tantasyon pou fè mal la sanble li te diminye. Dezi pou fè byen te ogmante. Moun ki te konnen w pi byen e ki te renmen w gen dwa di: “Ou vin pi janti e pi pasyan. Ou pa sanble menm moun nan ankò.”

Ou pa t menm moun nan. Ou te chanje gras a Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a paske ou te konte sou Li nan moman eprèw ou a.

Mwen pwomèt ke Senyè a ap vin ede w nan eprèw ou yo si ou chèche ak sèvi L epi tou nanm ou ap poli pandan tan sa a. Mwen egzòte ou pou mete konfyans ou nan Li nan tout advèsite w yo.

Mwen konnen ke Bondye Papa a vivan epi Li tande e reponn tout priyè nou yo. Mwen konnen ke Pitit Gason L lan, Jezikri, te peye pri tout peche nou yo e ke Li vle pou nou vin jwenn Li. Mwen konnen ke Papa a ak Pitit Gason an ap voye je sou nou epi ap prepare yon fason pou nou andire byen ak pou nou retounen nan kay selès la ankò.

NÒT

1. *Autobiography of Parley P. Pratt*, edisyon Parley P. Pratt Jr. (1979), 120.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Nou tout gen pwoblèm ki teste lafwa nou ak kapasite nou pou nou andire. Konsidere bezwen ak pwoblèm moun w ap anseye yo. Anvan w fè vizit, ou ta kapab priye pou resevwa enstriksyon pou konnen kijan pou byen ede yo andire. Ou ta kapab anvizaje diskite prensip yo ak ekriti Prezidan Eyring mansyone yo ki gen ladan yo lapriyè, sèvis, ak respekte kòmandman yo. Ou ta kapab pataje tou eksperyans pèsònèl sou kijan ou te beni nan fason ki ede w andire byen.

JENÈS

Lè Zanmi m Lan Te Mouri

Pa Samantha Linton

Lè m tap fè klas 11èm ane, zanmi m lan te gen yon maladi sèvo e li te mouri nan jou apre a. Malgre mwen te yon manm Legliz la, mwen te toujou ap lite. Yo te anseye m pandan tout vi mwen ke mwen te kapab tounen kè m bay Papa Nou Ki Nan Syèl la ak Sovè a pou nenpòt bagay, men m pa t janm te oblije travèse yon bagay konsa anvan.

Mwen te kriye pandan plizyè èdtan, pandan m tap eseye jwenn yon bagay—nenpòt bagay—ki pou ban m lapè. Nuit apre l te fin mouri a, m te ale nan liv kantik la. Pandan m tap tounen paj yo, m te tonbe sou “Demeure Auprès de Moi, Seigneur” (*Hymns*, no. 165). Twazyèm kouplè a te kapte atansyon m:

*“Rete bò kote m; aswè a
M pou kont mwen nan nuit lan
Si m pa ka kominike avèk ou
Ni jwenn direksyon nan men w
Mwen pè pou tenèb mond lan
Pa rete lakay mwen.
O Sovè, rete avèk mwen aswè a
Gade, li nan nuit.”*

Kouplè sa a te ranpli m avèk anpil lapè. Lè sa a, m te konnen ke non sèlman Sovè a te kapab rete avèk mwen nuit sa a men tou Li te konnen egzakteman kijan mwen te santi m. Mwen konnen lanmou m te santi nan kantik la non sèlman te ede m pase nuit la men tou li te ede m travèse anpil lòt eprèw mwen te andire.

Otè a abite Utah, nan Etazini Damerik.

Ou kapab telechaje “Demeure Auprès de moi, Seigneur” nan [lds.org/go/7176](https://www.lds.org/go/7176).



Lafwa, Fanmi, Sekou

Pou Yo Ka Fè Yon Sèl

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou ou pataje. Lè nou konprann objektif Sosyete Sekou a, kouman sa ka prepare pitit fi Bondye yo pou benediksyon lavi etènèl yo?

Èldè D. Todd Christofferson ki fè pati Kolèj Douz Apot yo te anseye: “Jezi te fè inite pafè avèk Papa a lè Li te soumèt Li nan lachè ak lespri anba volonte Papa a.”

“... Siman nou pap fè youn avèk Bondye ak Kris la toutotan nou pa fè volonte yo ak enterè yo vin tounen pi gwo dezi nou. Nou pa ka rive nan tip soumisyon sa a yon sèl jou, men gras a Sentespri a, Senyè a ap anseye nou si nou gen volonte jiskaske, pandan tan an ap pase, nou kapab di avèk egzaktitud ke Li nan nou menm jan Papa nan Li.”¹

Linda K. Burton, Prezidant Jeneral Sosyete Sekou a, te anseye kijan pou nou travay pou nou rive nan inite sa a: “Fè ak respekte alyans nou yo se yon ekspresyon angajman nou pou nou vin tankou Sovè a. Ideyal la se pou nou fè efò pou nou ka gen atitud ki pi byen

eksprime nan kèlke fraz kantik nou renmen sa a: “M prale kote *ou* vle m ale. . . . Mwen ap di sa *ou* vle m di. . . . Mwen ap sa *ou* vle pou m ye a.”²

Èldè Christofferson te raple nou tou ke “lè nou eseye suiv egzanp Kris la chak jou ak chak semèn, espri nou afime otorite ak pouvwa l pou l simonte tandans lòm natirèl nou yo, batay la ap diminye pa ann-dan, epi tantasyon yo ap sispann koze pwoblèm.”³

Neil F. Marriott, Dezyèm Konseyè nan Prezidans Jeneral Jènfi yo, rann temwayaj de benediksyon ki soti nan fè efò pou nou aliye volonte nou avèk volonte Bondye: “Mwen te lite pou m te bani dezi mòtèl pou m fè bagay yo fason pa m, paske finalman mwen vin wè ke fason pa m lan trè limite epi li enferyè pa rapò a fason Jezikri a. Fason Papa Nou Ki Nan Syèl la se wout

ki mennen nan bonè nan lavi sa a ak lavi etènèl nan mond ki gen pou vini an.”⁴ Nou ta dwe fè efò enbleman pou nou vin fè youn avèk Papa Nou Ki Nan Syèl la ak Pitit Gason L lan, Jezikri.

Ekriti ak Enfòmasyon Adisyonèl

Jan 17:20–21; Efezyen 4:13; Doktrin ak Alyans 38:27; reliefsociety.lds.org

NÒT

1. D. Todd Christofferson, “That They May Be One in Us,” *Liahona*, Nov. 2002, 72, 73.
2. Linda K. Burton, “Pouvwa a, Lajwa a, ak Lanmou a nan Kenbe Alyans,” *Liyawona*, Nov. 2013, 111.
3. D. Todd Christofferson, “That They May Be One in Us,” 71.
4. Neill F. Marriott, “Yielding Our Hearts to God,” *Liahona*, Nov. 2015, 32.

Panse sou sa

Kijan fè volonte Bondye ede nou vin pi sanble avèk Li?